



Pou Piblikasyon Imedya: 15/06/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN LEJISLASYON POU REFÒM SÈVIS POLIS

Lwa STAT la egzije pou tribinal yo rasanble ak pibliye done sou ras ak lòt done demografik sou tout enfraksyon ti nivo yo

Li egzije pou ajan fòs de lòd eta ak lokal yo rapò anvan sizèdtan lè yo tire ak zam yo

Li egzije pou ajan lapolis yo bay moun ki an detansyon yo asistans medikal ak mantal

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te siyen yon lejislasyon pou refòm sèvis polis yo ki egzije pou ajan fòs de lòd eta ak lokal yo rapòte anvan sizèdtan lè yo tire zam yo (S.2575-B/A.10608); ki egzije pou tribinal yo rasanble ak pibliye done sou ras ak lòt done demografik sou tout enfraksyon ti nivo yo (S.1830-C/A.10609); epi ki egzije pou ajan lapolis yo ofri moun ki an detansyon yo asistans medikal ak mantal (S.6601-A/A.8226).

"Refòm lapolis la te dwe fèt lontan deja nan eta sa a ak nan nasyon sa a, epi New York yon fwa ankò ap pran devan ak pwomilge chanjman toutbon pou mete yon fen nan diskriminasyon sistematik ki genyen nan jistis penal nou an ak sistèm sèvis lapolis nou yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Refòm esansyèl sa yo pral ede amelyore relasyon yo ant fòs de lòd yo ak kominote y ap sèvi yo epi fè nou fè yon pa pi pre nan ranje bann enjisitè kominote minorite yo ap konfwonte yo poutèt yon sistèm enjis ki p ap mache."

Lwa sou Estatistik ak Transparans Lapolis la (S.1830-C/A.10609)

Lwa sou Estatistik ak Transparans Lapolis la (Police Statistics and Transparency Act - oswa Lwa STAT) - egzije pou tribinal yo rasanble ak pibliye done sou ras ak lòt done demografik sou tout enfraksyon ti nivo yo, sa gen ladan ti deli ak vyolasyon. Yo dwe mete done yo rasanble yo anliy epi mete yo ajou chak mwa. Nouvo lwa a egzije tou pou depatman lapolis yo rapòte tout lanmò ki gen pou wè ak arestasyon bay Depatman Sèvis Jistis Penal la epi pou yo depoze rapò chak ane sou lanmò ki gen pou wè avèk arestasyon devan Gouvènè a ak Kò Lejislatif la.

Senatè Brad Hoylman te deklare, "Lwa sou Estatistik ak Transparans Lapolis la (STAT), yon rekòmandasyon Gwoup Travay Prezidan Barack Obama a sou Sèvis Polis yo nan 21yèm Syèk la (Task Force on 21st Century Policing), egzije pou fòs de lòd yo rasanble ak rapòte piblikman enfòmasyon demografik ki soti depi nan arestasyon ti nivo rive nan lanmò an detansyon. Gras a lejislasyon sa a, n ap finalman

gen done ki nesèsè yo pou idantifye ak derasinen pratik lapolis sistematik ak diskriminatwa fòs de lòd itilize yo pou sibler Nouyòkè nwa ak po fonse yo. Jodi a, gras a siyati Gouvènè Cuomo, pwojè-lwa istorik sa a pral vin lwa. Mwen rekonesan pou lidèchip Lidè Majorite Sena a (Senate Majority) Andrea Stewart-Cousins, Prezidan Komite Kòd Sena a (Senate Codes Committee) Jamaal Bailey, Prezidan Asanble a Carl Heastie ak Parenn Asanble a Joe Lentol dèske y ede m fè pase pwojè-lwa sa a, ansanm avèk Gwoup Lejislatif Nwa, Pòtoriken, Ispanik ak Azyatik la (Black, Puerto Rican, Hispanic & Asian Legislative Caucus). Mwen onore dèske m te gen sipò Gwen Carr, manman Eric Garner, ki te vwayaje vin Albany pou pèsonèlman fè kanpay pou adopsyon Lwa STAT pou Lapolis la. Nou pwomilge lwa sa a anlonè memwa pitit gason Madan Carr la."

Manm Asanble Joseph R. Lentol te deklare, "Mwen fyè pistonnen tout refòm radikal ki fèt dènyèman yo nan lwa Eta New York yo ki pral favorize plis transparans ak responsabilite nan fòs de lòd yo. Li te kòmanse semèn pase a lè Gouvènè a te siyen revokasyon 50-a a epi kounye a avèk adopsyon Lwa STAT la. Transparans bon pou tout sektè yo nan gouvènman an. Mwen espesyalman fyè dèske m te piston prensipal Lwa STAT la, epi dèske apre senk long ane ap eseye fè li valse, yo finalman adopte l."

Rapò sou Zam yo Tire (S.2575-B/A.10608)

Nouvo lwa sa a egzije pou tout ajan fòs de lòd oswa ajan lapè ki tire zam yo, pandan y an sèvis oswa andeyò sèvis yo, kote yo moun te kapab pran bal ki soti nan zam nan, oblije rapòte sipèvizè li ensidan an avivwa anvan sizèdtan epi prepare ak depoze yon rapò ekri anvan 48 èdtan pase depi ensidan an.

Senatè Jamaal T. Bailey te deklare, "Mwen ta renmen remèsye Gouvènè a dèske li siyen mezi lejislatif sa a, ki egzije pou fonksyonè fòs de lòd yo rapòte anvan sizèdtan depi yo tire zam yo epi te kapab pran yon moun, ak yon rapò ekri anvan 48 èdtan. Li enpòtan pou gen transparans sa a nan yon depatman pou favorize yon pi gran konfyans piblik la, garanti responsabilite, ak amelyore relasyon yo ant kominote a ak lapolis. Mwen ta renmen remèsye parenn Asanble a, N Nick Perry, Lidè Andrea Stewart Cousins, ak Prezidan Speaker Heastie, dèske yo fè pwojè lwa sa a pase."

Manm Asanble Nick Perry te deklare, "Yo ta dwe dedye lwa sa a a Jayson Tirado, ki te pèdi lavi li nan yon zak move konduit lapolis chokan. Lè Ajan Lapolis Sean Sawyer avèk lentansyon kriminel te pwente revòlvè Depatman Lapolis New York la (NYPD) te ba li an epi te rale gachèt la pou fini ak lavi Tirado, Sawyer te konnen li te kapab soti san ankenn konsekans pou move zak li an epi se sa ki te fèt. Lwa sa a p ap pini li, men pwomilgasyon li ap garanti pwochen ajan ki komèt kalite zak kriminel san jistifikasyon sa a ki se fè tèt li jij, jiri ak bouwo, fè fas a yon sèten responsabilite. Mwen remèsye Gouvènè a ak Prezidan nou an pou gwo sipò yo a ak patisipasyon yo nan fè lwa sa a lwa eta a".

Bay moun ki an detansyon asistans medikal ak mantal (S.6601-A/A.8226)

Nouvo lwa sa a egzije pou ajan lapolis, ajan lapè ak lòt reprezantan ak antite fòs de lòd ofri tout moun ki an detansyon asistans medikal ak mantal. Lapolis kapab responsab dedomajman pou tout moun ki pa resevwa asistans medikal epi ki sibi donmaj fizik grav oswa ki gen donmaj yo ki vin pi mal pou tèt mank swen.

Senatè Jamaal T. Bailey te deklare, "Mwen ta renmen remèsye Gouvènè a dèske li siyen pwojè lwa mwen an, ki t ap egzije pou fòs de lòd yo rele asistans medikal si moun y arete a mande li. Ke yon moun an detansyon ou non, si li bezwen asistans medikal yo dwe ba li l. Nan twòp nan ka sa yo, yo te refize bay moun sa yo bonjan asistans medikal, oswa yo te tèlman retade li moun sa yo sibi doulè ak soufrans san nesosite. Nan ka pi chokan yo, endiferans oswa neglijan eta sèten moun menm mennen lanmò ensanse, tankou sa Andrew Kears, yon jèn gason ki te priye pou yo ba li asistans medikal men yo pa t okipe li. Mwen ta renmen remèsye Parenn Asanble a, Nathalia Fernandez dèske li defann sa nan Asanble a ak Lidè Andrea Stewart Cousins ak Prezidan Heastie dèske yo bay bourad pou adopsyon pwojè lwa sa a".

Manm Asanble Nathalia Fernandez te deklare, "Yo pa ta dwe janm inyore apèl osekou ankenn moun. Ajan fòs de lòd nou yo fè sèman pwoteje nou, epoutan gen twòp moun ki mouri pandan yo an detansyon poutèt neglijan. Sa gen yon enpòtans vital pou nou, kòm gouvènman, garanti pou ajan fòs de lòd nou yo pran tout mezi pou pwoteje ak prezève lavi. 'M pa ka respire' pa ta dwe janm dènye pawòl ankenn moun. Mwen kontan pote pwojè lwa sa a an memwa Andrew Kears ak tout lòt moun ki mouri san nesosite an detansyon. Mèsi Gouvènè Cuomo dèske ou ratifye li".

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)